# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–12 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

स्वामी विवेकानंद क जयंती आजु राष्ट्रीय युवा दिवस के रूप में पूरा देस में मनावल जा रहल है। जगहि–जगहि गोस्ठी अउर कई गो अउरियो जागरूकता कार्यक्रम के जरिये नौजवानन के बढ़ियां परदरसन बदे प्रेरित कइल जा रहल है। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, नई दिल्ली में बिकसित भारत युवा नेता संवाद दुइ हजार पचीस में सामिल भइलें। उहां के परदरसनी क दौरा कइलीं अउर कुछु नौजवानन से बातोचित कइलीं, जे बिकसित भारत के बारे में आपन–आपन लक्ष्य पेस कइलें। नौजवानन के प्रोत्साहित करत प्रधानमंत्री कहलें कि–

***दुनिया की कितनी ही बढ़ी कंपनियां को भारत के युवा ही चला रहे हैं। भारतीय युवाओं के सामर्थ की पूरी दुनिया मुरिद है। हमारे सामने पचीस साल का गोल्डेन पीरियड है अमृतकाल है और मैं पूरी तरह से आत्मविश्वास से भरा हूं भारत की युवा शक्ति विकसित भारत का सपना जरूर साकार करेगीं।***

ओहीं, आगरा में डॉक्टर भीमराव अम्बेडकर विश्वविद्यालय के ओरि से खंदारी में स्वामी विवेकानंद परिसर में बनल स्वामी विवेकानंद के बिसाल मुरती क अनावरण राज्यपाल आनंदीबेन पटेल वर्चुअली कइलिनि। अमरोहा के जे एस हिन्दू डिग्री कॉलेज में भासण, पेटिंग अउर निबंध प्रतियोगिता भइल। लखनऊ, कानपुर, झांसी, अयोध्या, बरेली, मुरादाबार के सथहीं अउरियो जिलन में युवा दिवस पर कार्यक्रम आयोजित भइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के सरस्वती शिशु मंदिर वरिष्ठ माध्यमिक विद्यालय में स्वामी विवेकानंद के मुरती क अनावरण कइले के सथहीं विद्यालय के पूर्व छात्र सम्मेलनों के सम्बोधित कइलें। श्री योगी कहलें कि स्वामी विवेकानंद वैस्विक पटल पर सनातन वैदिक संस्कृति के परभावी ढंग से प्रतिस्ठित कइलें। उहां के आपन बिचार अउर आचरण क साम्यता से राष्ट्र बदे चेतना जागृत कइले में बड़हन भूमिका निभवलीं।

**स्वामी विवेकानन्द की जब हम चर्चा करते है आज तो हर व्यक्ति उन्हें राष्ट्रीय सन्यासी के रूप में मान्यता दे रहा है। लेकिन एक समय ऐसा भी था जब सरस्वती शिशु मंदिर के अलावा और राष्ट्रीय स्वंय सेवक संघ के अलावा स्वामी विवेकानन्द का स्मरण कोई अन्य संगठन नही करता था क्योकि स्वामी विवेकानन्द के उद्घोष जो राष्ट्रीयता की चेतना जागृत करने में जिनकी बहुत महत्वपूर्ण भूमिका थी**

एहसे पहिले मुख्यमंत्री महानगर के नेताजी सुभाष चन्द्र बोस कॉलोनी में नगर निगम के ओरि से एक करोड़ बहत्तर लाख रूपिया से बिकसित कइल जा रहल भारत रत्न नानाजी देसमुख पार्क क सिलान्यासो कइलें। मुख्यमंत्री आजु देर संझा तीनि दिन क गोरखपुर महोत्सव के समापन समारोहो में हिस्सा लीहें। उहां के येह दौरान भइल खेलकूद प्रतियोगिता आ सांस्कृतिक कार्यक्रम में बढ़ियां प्रस्तुति देवे वाले कलाकारन के पुरस्कृत आ सम्मानितो करिहें।

**********

कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम के बिच्चे आस्था अउर मानवता क सबसे बड़हन संगम–महाकुंभ क बिहने से प्रयागराज में सुरूआति होई। सरधालुअन के नहइले, रहले अउर प्रयागराज पहुंचे बदे सरकार पुरहर इंतिजाम कइले है। सज्जो जिला से बस चलावल जा रहल है ओहीं रेलवे प्रसासनों कई गो नया ट्रेन चला रहल है। हवाई सेवो बढ़ावल गइल है। आजु संझा संस्कृति अउर पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत संगम के रेती पर कलाग्राम क उद्घाटन कइलें। कलाग्राम कला संस्कृति अउर बिसारति क अनूठा संगम है। एहके प्रयागराज के नागवासुकी इलाका में दस एकड़ जमीनि पर बनावल गइल है।

**********

प्रदेस में आजु भिन्नहियें से मौसम क मिजाज बदलि गइल है। दुइ दिन ले घाम निगरले के बाद कई जिलन में रूकि–रूकि के बरखा हो रहल है। लखनऊ में भिन्नहियें से बूंदाबांदी हो रहल है त दुपहरिया बाद गोरखपुर, देउरिया, संतकबीनगर, जौनपुर, अयोध्या, फर्रूखाबाद, कौशाम्बी के सथहीं कई जिलन में तेज बेयारि के साथे बुन्नी परल सुरू हो गइल। मौसम विभाग के मोताबिक लखनऊ, बांदा, हमीरपुर, फतेहपुर, जालौन, रायबरेली, कानपुर, झांसी, इटावा, मैनपुरी, एटा और कासगंज के सथहीं कई जिलन में रहि–रहि के बूंदाबांदी जारी रहले क सम्भावना है।

**********